



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 30 septanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO VOTE PWOJÈ LWA POU PWOTEJE TIMOUN KONT AGRESÈ SEKSYÈL EPI PWOTEJE VIKTIM VYOLANS NAN KAY

Lwa limite dwa agresè seksyèl genyen kòm paran nan ka timoun ki fèt apre yon vyòl

Nouvo lwa bay plis aksè nan State Order of Protection Registry pou anpwaye prizon onivo lokal ak eta a.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te vote de pwojè lwa ki pral bay timoun plis pwoteksyon kont agresè seksyèl epi pwoteje viktim vyolans nan kay yo.

Premye pwojè lwa a limite dwa agresè seksyèl genyen kòm paran lè yon timoun fèt apre yon vyòl. Dezyèm pwojè lwa a bay sèten anpwaye prizon onivo lokal ak eta a aksè nan State Order of Protection Registry pou ka siveye prizonye ki pa dwe gen kontak ak viktim krim yo te komèt la.

“Mwen fyè pou m vote de pwojè lwa sa yo jodi a pou ranfòse kapasite Eta New York pou l pwoteje timoun ak fanmi nou yo kont moun kap vyole lalwa,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Grasa limitasyon dwa koupab seksyèl yo kòm paran nan ka kote yon timoun fèt apre krim yo a, n ap bay pwoteksyon pou manman ak pitit kont zak asèlman, entimidasyon oubyen laperèz agresè a, epi garanti kriminèl sa yo ap peye epi pini pou sa yo fè a. Anplis, n ap mete nan mezon koreksyon yo anpwaye ki gen zouti ak konesans yo bezwen pou byen konprann prizonye ak prizonye libere sou kondisyon yo ki plase anba sipèvizyon yo. Toulede lwa sa yo pral bay kominote nou yo plis sekirite epi bay viktim krim terib sa yo jistis ak lapè yo bezwen an. Mwen remèsye sponso pwojè lwa yo pou kantite travay yo fè.”

Lwa aktyèl sou gad ak dwa vizit agresè seksyèl pa limite aklè dwa yo lè yon timoun fèt apre zak agresè a. Sèl yon moun ki koupab vyòl premye degre ak kontrent, kote timoun lan ki se objè pouwit la te fèt apre zak la, pa gen enfòm sou yon pwosedi adopsyon oubyen sèvis sosyal. Kidonk, agresè sa yo ka depoze oubyen menase pou yo depoze yon petisyon vizit ak gad pou yo ka dekouraje viktim yo fè pouwit penal kont yo.

Nouvo lwa a ogmante pwoteksyon ki egziste dapre lalwa pou timoun ki te fèt apre yon vyòl premye oubyen dezyèm degre, zak seksyèl kont yon timoun nan premye degre, atak seksyèl predatè, oubyen zak

seksyèl predatè sou yon timoun. Mezi a amande Domestic Relations Law ak Social Services Law pou pwoteje alafwa yon manman ak pitit kont agresè zeksyèl kondane a. Lwa sa nan yon manyè byen spesifik:

- Anpeche timoun ki te fèt apre yon vyòl plase anba gad ouben vizit koupab zak seksyèl la grasa yon prezompsyon ki refitab yon plasman oubyen dwa vizit konsa pap nan enterè timoun lan ditou.
- Refize agresè seksyèl la dwa pou l resevwa enfòmasyon sou pwosedi adopsyon pou timoun ki fèt apre vyòl kriminèl la te komèt.
- Retire nan men kriminèl la dwa pou l resevwa enfòmasyon sou pwosedi sèvis sosyal (mezon dakèy, titè, gad) pou yon timoun ki fèt apre vyòl kriminèl la te komèt.

Ko-Dirijan Kowalisyon Majorite Sena a, Dean G. Skelos te di konsa, “Mezi sa rekonèt agresè seksyèl ka kontinye menase viktim pandan lontan apre atak la. Ak lakin sa nou konble nan lwa aktyèl la epi ak blokaj nou mete pou yon agresè seksyèl depoze yon petisyon pou gad oubyen vizit, nou pral bay pwoteksyon total pou viktim zak seksyèl ak pitit yo pou yo ka kòmanse geri epi avanse ak lavi yo.”

Manm Asanble Amy Paulin te di konsa, “Anpil fwa, koupab agresyon seksyèl pral menase viktim yo ak yon petisyon pou gad oubyen vizit y ap depoze pou dekouraje viktim yo pouswiv yo nan tribinal. Fanm sa yo soufri ase. Mwen te vle konble lakin sa. Mwen te vle anpeche san manmansa yo blese fanm yo te atake ankò. Fanm sa yo pral pote ase chaj emosyon pou rès vi yo, epi nan anpil ka, souvni an ap reparèt chak fwa y ap gade pitit yo. Mwen te vle yo benefisye sèten mezi kap bay yo lapè.”

Anplis, Gouvènè Cuomo te vote lwa ki bay plis aksè nan State Order of Protection Registry a pou anpwayer prizon lokal yo ak Department of Corrections and Community Supervision (DOCCS) ki responsab pou kontwòl, sipòvize oubyen klase prizonye oubyen prizonye ki libere sou kondisyon.

Lwa aktyèl sou rejis la mande Sipèntandan State Police la kreye epi kenbe rejis la, san bliye tout òdonans pwoteksyon ak garanti ki soti nan ka vyolans domestik. Aksè nan rejis sa, sepandan, limite pou otorite tribinal ak lapolis. Aksè nan rejis la pral pèmèt yo bay pi bon pwoteksyon pou viktim ki enplike nan ka vyolans domestik, ak tout kominote a, lè n konsidere pwogramasyon ak piblikasyon plan prizonye yo.

Senatè Martin J. Golden te di konsa, “Antanke sponso pwojè lwa sa, mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo pou vòt li bay la pou fè l vin yon lwa. Kreyasyon yon rejis santral pou tout eta a konsa pral amelyore sekirite anpil moun isit nan Empire State la epi pwoteje nèt ale rezidan ak fanmi nou yo.”

Manm Asanble Helene Weinstein, Prezidan Komite Jidisyèl Asanble a, te di konsa, “Se yon lwa ki gen anpil bon sans ki pral ede ogmante sekirite viktim yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418